

# Li se yon plan pou TOUT swen ou



**Plan Sante ak Gerizon yo (Health and Recovery Plan, HARP)** se Plan Swen Medicaid Kontwole ki peye pou swen sante fizik ak konpòtmantal ou.

Manm Pèsonèl HARP yo, ki espesyalize nan sante konpòtmantal (sante mantal ak abi dwòg/alkòl), disponib pou koute ou epi travay ak ou.

## Èske HARP se yon bon chwa pou ou?

Rele New York Medicaid Choice pou konnen si ou kalifye, pou enskri, ak pou jwenn plis enfòmasyon konsènan HARP yo.

Konseye yo kapab ede ou nan tout lang:  
**1-855-789-4277**

Moun ki itilize TTY yo:  
**1-888-329-1541**

Lendi jiska vandredi:  
**8:30 AM** jiska **8 PM**

Samdi:  
**10 AM** jiska **6 PM**



Doktè ou, espesyalis sante mantal ou, oswa konseye pou abi dwòg/alkòl ou kapab ede ou decide si l ap yon bon chwa pou ou antre nan yon HARP.

Pwofesyonèl swen sante lokal ou:

Enskri nan  
yon  
**HARP**  
PLAN SANTE AK GERIZON

## Kisa yon HARP ye?

# Kowòdinasyon swen ou



Lè ou vin manm HARP, ou kapab jwenn kowòdinasyon swen pou ede ou devlope yon plan pèsònèl pou reyalize sa ki enpòtan pou ou.

Epitou kowòdinasyon swen pral asire tout pwofesyonèl swen sante ou yo ap travay ansanm pou ou.

## Kalifikasyon

Ou dwe gen 21 lane oswa plis pou w ka antre nan yon HARP. Epi tou ou dwe gen asirans sèlman ak Medicaid epi ou kalifye pou swen administre Medicaid.

W ap resevwa yon lèt nan men Eta New York oswa New York Medicaid Choice pou konfime si ou kalifye.

## Sèvis ki baze nan kominote a

- Manm HARP yo kapab kalifye pou nouvo sèvis ki sipòte retablisman sante mantal ou ak pwoblèm itilize dwòg oswa alkòl.
- Yo rele sa yo Sèvis Sante Konpòtmantal ki Baze nan Kay ak nan Kominote (Adult Behavioral Health Home and Community-Based Services, BH HCBS). Sèvis sa yo kapab ede ou ak objektif ou yo.

## Viv yon fason endepandan

- Twouve oswa retwouve konpetans pou lavi toulejou
- Defann dwa ou ak negosye relasyon

## Retounen lekòl oswa jwenn yon travay

Twouve konpetans ak konesans ki nesèsè nan diferan etap edikasyon ak travay, tankou:

- Ale lekòl ak rete lekòl
- Jwenn, kenbe, oswa chanje travay

## Jere estrès

- Estrès se yon bagay nòmal epi li kapab yon endikasyon ou bezwen chanjman
- Aprann fason pou reyaji ak estrès pou li pa deranje sa ki enpòtan pou ou



## Kite moun ki te nan menm sityasyon an ba ou yon kout men

- Sipò nan men moun ki te nan retablisman maladi mantal oswa abi dwòg oswa alkòl
- Bay fanmi oswa zanmi ou konesans pou ede sipòte ou